ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№105 (24.075) ● 2020 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 3, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Репортаж

Зыужьыныгъэм и гъэзгукІэ

ФокІадэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІащ махуэшхуэ зыбжанэ. Абыхэм хуэгъэпса Іуэхугъуэ куэд Налшык щекІуэкІащ.

ЩІЭНЫГЪЭМ и махуэм и бжэхэр къызэІуихащ къалащхьэм дащІыхьа 33-нэ еджапІэщІэм. Пщэдджыкъ дыгъэпсымрэ сабий нэжэгужэхэмрэ дапщІыпщІыкІ школыщІэр. ЕгъэджакІуэ гъэзугъм япэу техьэ ныбжьыщІэхэм ират гулъытэмрэ а цІыкІухэм я гурыфІыгъэмрэ махуэр нэхъри яІэтыт. Мы гъэм къызэІуаха школыщІэм ныбжьыщІэ 1420-рэ щеджэнущ, япэ классым сабий 224-рэ щІэтІысхьащ. ІэхъущІапІэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу, иджырей зэманым декІуу яухуащ, абы псыгуэнитІ хэтщ, спорт пэшу 2 иІэщ, футбол щыджэгу губгъуэшхуэ, ІТ-клуб, нэгъуэщІ куэди иІэщ.

Школ №33-м къыщызэхуэса цІыхухэм яхьхьащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек икІи адэ-анэхэмрэ школакІуэхэмрэ ехьэхьуащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым джкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ ди къэкІуэнум, ди къэкІуэну хъужыр ди сабийхэращ. Дэ сыт щыгъуи иужь дитынущ абыхэм заужьыным, дэтхэнэми и зэфІэкІыр къэгъэнэнэІуауэ ядэлэжьынкІи. Нобэ республикэм и курыт еджапІэхэм ныбжьыщІэ мини 110-м щигъу екІуэлІэжьынущ. Ахэр мини 3-кІэ нэхьыбзщ, нэгъабэрейхэм нэхъырэ. Абы къегъэлъагъуэ ди лъахэр ипэкІэ зэрыбабкъуэр, зыужьыныгъэм зэрыхуэкІуэр, - жиІащ КІуэкІуэм.

КъБР-м и Іэтащхьэр адэанэхэм ехьэхьуэщ я быныхэм я ехьулІэныгъэхэм иригушхуэу куэдрэ псэуну, апхуэдэуи егъэджакІуэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэрИэр, я щхьэм пщІэшхуэ зэрыхуащІыр къыхэщу.

* * *

КЪЭРАЛЫГЪУЭМ и махуэм ирихьэлІэу республикэм къыІэрыхьащ дэлэпыкъуэгъу псынщІэ автомашинэ 17. Ахэр щыналъхьэм щыІэ сымаджэщхэм тыгъэ яхуищІащ КІуэкІуэ Казбек. Абыхэм исыну бригадхэм, район сымаджэщхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэм махуэшхуэмкІэ ехьэхьуащ Іэтащхьэр икІи дыззэрыт щыгъэкІэ гугъуэ ІІэнатІэ пэрыт дохутырхэм фыщІэ ин яхуищІащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам къызэрыджаІамкІэ, 2020 гъэм кърибудэу дэІэпыкъуэгъу псынщІэ автомашинэу 28-рэ республикэм къыІэрыхьащ: нэхъ пасэу машинэ 11 «С» классу къэкІуащ, иджырей машинэ 17-р «В» классщ. «Ар, дауи, медицинэ ІэнатІэм зезыгъэужь Іуэхугъэущ, дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и Іэмалхэр нэхъыбэ зыщІщ, - жиІащ Къалэбатэм. - Автомашинэ 16-р район сымаджэщхэм еттынущ, зыр кардиодиспансерым ейщ».

ЩыналъхьэкъикІа медицинэм и лэжьакІуэхэр автомашинэщІэхэм щыгуфІыкІащ икІи къыхагъэщащ, класс «В»-м ИВЛ аппарат, пульсоксиметр, дефибриллятор зэритыр, дохутыр дэІэпыкъуныгъэ нэхъ гугъуэхэри занщІэу сымаджэм егъэтъуэтыныкІэ зыхуеину псомкІи къыІэрыхьащ зэгъэпэщащ.

* * *

ХАБЗЭ зэрыхъуаи тету, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща ди лъахэгъуэр.

ЗэІущІэм кърикъэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, Парламентым и Унафэщ**І Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ**І Мусуков Алий**, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэу **ЩхьэгугушІ Адэлбийрэ Геккиев Зауррэ**, министерствэхэм, къалэ, щыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

КІуэкІуэ Казбек къызэхуэсахэм защыхуигъаззм жиІащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр ди тхыдэм и иджырей лъэхъэнэр мыхъуу, Урысей Федерацэм и жьауэм дыщІэту ещхькІуа гъэзугъэнэ кІыхьым щыхьэт зэрытехьуэр.

- Дэ ди блэкІам, тхыдэм дыхуэфащэу дыщытыпхъэщ. Зэи тщыгъупщэ хъунукъым си акъылрэ гуащІэкІэ республикэ дахэр тхуэзыхуэхэр, сыт щыгъуи дыхуэлэжьэн хуейщ ар нэхъри егъэфІэкІэным, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Мис апхуэдэ хьэл дахэкІэ къыхащІахэрщ нобэ мы Іуэхум кърихьэлІар. ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрыткІэрэ, фэ фщыщ дэтхэнэ зыми, ди япэ итахэм яущІахэм нэхъри хывогъахъуэ, республикэм зэрызиужьыным махуэ хъэси фыхущІокъуэ. Си щхьэкІэ фІыщІэ ин фхуэощ фи Іэзагъым, фи гуащІэдэкІым, фи ехьулІэныгъэхэм, фи гумызагъагъэм папщІэ, а псори лъабжьэ хуохъу республикэр нобэ зытет зыужьыныгъэм и гъэзугъм.

Фэ зэрыфщІэщи, мы гъэм ди республикэм и мызакъуэу, дуней псор гуГъуехь хэхуащ. Ауэ дэ куэдрэ дгъэунэхуащ апхуэдэ лъэпощхьэпохэр икІи дыкъэраГъэкІуэтакъым, нэхъ лъэщ, нэхъ жан дащІауэ фІэкІа. Иджырей щытыкІэм куэдым щІэрыщІэу дригъэплъыжащ, куэдым дригъэгупсысащ. Абы къыдэкІуэу хъэлат хужь зыщыгъ дохутырхэм я лэжьыгъэм и мызэнэр нэхъри зыхьидигъэщІауэ си гугъэщ. Нобэ жылагъуэм я дежкІэ арэп цІыхугъэ, гущІэгъу зыхэлъ, Іэзагъ зыбгъэдэлъ дохутыру зэрыщытым и мызакъуэу, зэманым и лІыхъужь нэс хъуахэщ. Езыхэм я узыншагъэм, гъащІэм щымысхыжьу абыхэм къраГъэл Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр.

Дохутырхэм я жэуаплныгъэр, гуапагъэр, гущІэгъулыр - араща щытыкІэ гугъум дыкъызышари.

Нобэ дгъэлъапІэхэм яущІщІ сыт хуэдэ лъэхъэни пщІэшхуэ зыхуащІу кьекІуэкІ егъэджакІуэхэм, ауэ итІани гъэ еджэгъуэр зыхуей хуэзэу зэхуащІыжри, щІэр къызэІуахащ.

Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефІакІуэ зэпыту ильагъуну зэрыхуейм шэч къытесхьэркъым. Сабий зэыншэ, насыпыфІэ къэгъэхъуныр, унагъуэ быдэ ухуэныр, нэхъыжьхэм пщІэ ящуэщІыныр, анэдэлъхубзэхэр хъумэныр - ахэращ ди ехьулІэныгъэхэм къежьапІэ яхуэхъур. Ди псэукІэм я лъабжьэ а Іэхуэгъуэ псори Урысей Федерацэм и Конституцэм щыщІэгъэбыдащ. Абы халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ехьэлІа ІэІэтыр къызэгъэпэщауэ щекІуэкІащ ди республикэм. ФІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ а Іуэхум хэлІыфІыхьа дэтхэнэ зыми.

Фэ фи гуащІэдэкІ лэжьыгъэрщ зыужьыныгъэ зэпІэзэрытым республикэр хуэзышэр. Иджыри зэ сынывохъуэхъу ехьулІэныгъэ куэд фиІэну.

КІуэкІуэ Казбек зэпу игъэлъапІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр зыхуагъэфэщаэкр. Узыншагъэр хъумэныкІэ ІэнатІэм, коронавирус уз зэрыщІалэм пэщІэтыным хуащІа хьэлъхьэныгъэ иным, я Іэщагъэм куэд щІауэ зэрыпэрытым папщІэ орденыр хуагъэфэщащ дохутырхэу Атабиевэ Жаннетэ, Кьэнэмэт Лейлэ, Меркуловэ Александрэ сымэ. Граждан жылагъуэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищІам, жылагъуэ лэжьакІуэ жыджэру зэрыщытым папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр ираташ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталийрэ КъБР-м и Комсомолхэм я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Жыджэт Александррэ.

КъБР-м и ЩІыхь тхыльыр, щІыхьыщІэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ. ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпашэ ди лъахэгъуэхэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къехъуэхъуащ Республикэм и махуэмкІэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Республикэм и махуэмкІэ сынывохъуэхъу!

Мы махуэшхуэм щыналъхьэ, Кавказ Ищхъэрэ псом я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ар и дамыгъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэду зэхэт и цІыхубэм ильэсищэкІэрэ къызэпача гъэзугъэнэхуэм икІи гугъу, я къэралыгъуэр гъэувыным, зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным, я щІэблэм я къэкІуэнур дахэу щытыным хуэлажьэу къакІуам.

Нобэ республикэм пещэ социальнэ, экономикэ ІэнатІэхэм зегъэужьыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм зегъэубгъуным, дэтхэнэ зы цІыхуми и псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза лэжьыгъэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым и турист центру къалъытэ, дуней псом кьикІыурэ зыгъэпсэхуакІуэхэр къыхуэкІуэ.

ЩІыналъхьэ щыпсэухэм, абы и хьэщІэхэм, ар и хэкуу къэзылъытэ икІи зыгъэлъапІэ дэтхэнэми сохъуэхъу адэкІи заужьыну, мамырыгъэ хэкум илъыну, фІыгъуэ я куэду псэуну!», - щыжеІэ хъуэхъум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м и «Гром» гупым и пашэу щыта Къуэшырокъуэ Владислав и фэеплъ сыныр къыщызэІуахым

Нарткотиккэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъу КъБР-м щыІэ МВД-м и управленэм вэсэмахуэ пэкІу щекІуэкІащ, республикэм щыІэ къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и министерствэм къалэн пыухыкІа зиІэ «Гром» гупым и унафэщІу щыта, полицэм и полковник Къуэшырокъуэ Владислав и фэеплъ сыныр къызэрызэІуахым теухуауэ.

ЗэІУЩІэМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, КъБР-м щыІэ МВД-м и министр **Павлов Василий**, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къалэн пыухыкІа щызыгъэзащІэ гупхэм я унафэщІхэр, Къуэшырокъуэ Владислав и Іыхьлыкэр, ныбжьыгъуэр, лэжьэгъуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къыхигъэщащ КъБР-м и Къэралыгъуэмрэ Терроризмэм пэщІэтхэр зэкъуэгъэувэнымрэ я махуэхэм ирихьэлІэу мы пэкІур къызэрызэрагъэпэщам мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи ар зытеуухуа полицэм и полковникыр республикэм и бын нэхъыфІхэм зэращыщыр. «Къэралым хуэпэжу абы къулыкъу хуищІащ, ар ныбжьэгъуфІт, офицер нэст», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м щыІэ МВД-м и министр полицэм и генерал-майор Павлов Василий къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ офицер нэсу, унафэщІ щыпкъэу, ныбжьэгъу пэжу и гъащІэм и кІыхьагъэкІэ щыта я командирым фэеплъ сын хуагъэувыну и гупым хэтхэм къыхалъха жэрдэмыр ведомствэм и Іэтащхьэхэм зэдзэрэзыуэ къызэрыдаІыгъар.

Къуэшырокъуэ Владислав и анэм фІыщІэ ищІащ унагъуэм зыкъызэрыщІагъакъуэм, и къуэр зэращымыгъупщэм къыхэкІыу. Я гукъэкІыжхэмкІэ пэкІум хэтхэм ядэгуэшащ Іузкур зытеуухуам и ныбжьэгъухэмра лэжьэгъухэмра.

Хэкум и мамырыгъэ къэкІуэнум папщІэ зи псэр зыта полицэм и полковник Къуэшырокъуэ Владиславрэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я адрей лэжьакІуэхэмра дакъикъэкІэ щыму хуэщыгъуэри, къызэхуэсахэм фэеплъ сыным удэз гъэгъахэр бгъуралъхьащ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Адмирал, Ищхъэрэ флотым и унафэщІу щыта Головко А. Г. фэеплъ-бюст хуэгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Адмирал, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Ищхъэрэ флотым и унафэщІу щыта Головко А. Г. и фэеплъыр мыкІуэдыжьын щІын мурадкІэ, «Тхыдэ мыхьэнэ зиІэ къэхъуакъащІэхэр, апхуэдэуи ехьулІэныгъэшхуэхэр зиІэ цІыхухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм фІыщІэ хэхахэр щызиІэхэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьын щІыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №94-РЗ-м, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къыдагъэкІам, и 7-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм тету, **унафэ сощІ**:

1. Адмирал, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Ищхъэрэ флотым и унафэщІу щыта Головко Арсений Григорий и кІуэм и фэеплъ-бюстыр Налшык къалэм Головко А. Г. и цІэр зэрихьэу иІэ уэрамым тет унэ №22-м и пщІантІэм щыгъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм зэфІигъэкІын хуейщ мы Указыр гъэзэщІэным екІэлІа Іэхуэхэр.

3. Мы Указыр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынкІэ и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кІуэдзэ Хьубий М. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм шыщхьэуІум и 31-м
№115-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министру гъэувын **Хьэсанэ Исльам Марат и къур**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм шыщхьэуІум и 31-м
№116-УГ

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм КІуэкІуэ Казбек удз гъэгъахэр бгъурилъхьащ Налшык щыІэ «Щыхьым и мыужьых мафІэ» мемориалым

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щыщыІэным зи псэр щІэзыта зауэлІхэм я фэеплъым пщІэ лъагэ хуищІу республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Къэралыгъуэм и махуэм удз гъэгъахэр бгъурилъхьащ Налшык щыІэ «Щыхьым и мыужьых мафІэ» мемориалым.

ІУЭХУ щхьэпэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и Іэтащхьэ Мусуков Алий, Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, республикэм и хабзэхъумэ ІэнатІэхэмрэ къарузехьэ Іуэхущ**Іапі**эхэмрэ я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ**Іапі**э.

КІуэкІуэ Казбек Іущ**Іащ** УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ Хьэту Джамболэт

Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ Хьэту Джамболэт лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ Хьэту Джамболэтрэ тепсэлъыхьащ псы щІэгъэлъэдэным зегъэужьынымрэ ди республикэр къэрал программмэхэм зэрыхэтымрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым агропромышленнэ комплексым зэрызыщиужьым и гугъу щащІым, Хьэту Джамболэт къыхигъэщащ ди щІыналъхьэм къыщалэжьхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и адрыщІкІэ зэрыщыщІэрыІуэр: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшхэкІэр нобэ щызэбгрокІ Москва щыщІэдзауэ КъуэкІыпІэ Жыжьэм нэс. КъБР-м и унафэщІэр толажьэ, къапщтэмэ, сату щапІэхэм фІагъ лъагэ зиІэ хадэхэкІэмрэ пщъхьащхьэмыщхьэмра яІэрыхьэным. Апхуэдэ Іэмал яІэ хъуащ иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэмра ягуэра иужькІэ, абыхэм я фІыгъэкІэ мэкъумэшыщІэхэм къалэжьахэр хэщІыныгъэншэу хъума икІи зыхуей хуэзэу ща мэхъу».

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэрилъытамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ираш пхъэщхьэмыщхьэм и куэдагьыр урысей сату щапІэхэм дызыхуэкІуэ илъэсым хэпщІыкІыу щыхэхъуэнущ. Хьэту Джамболэт и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ди республикэр абы и къэлэжьэнымкІэ къэралым щыпашэхэм ящыщщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Хьэту Джамболэт фІыщІэ хуищІащ ди щІыпІэм сыт щыгъуи гулъытэ къызэрыхуищІым папщІэ. «ЩІыналъэм агропромышленнэ комплексым зыщегъэужьыныр ди дежкІэ япэ идгъэщ унэтІыныгъэхэм ящыщщ. Дэ мурад инхэр диІэщ псы зыщІэдгъэлъадэ щІыхэм я куэдагьым хэгъэхуэным, къэрал программэхэм ябгъ иткІэ мелиорацэ системэщІэхэр ухуэным ехьэлІауэ. Си фІэщ мэхъу, Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр ди щІэгъэкъуэну, зыхуэдгъэзувыжа къэлэнэхэр зэрытхуэгъэзэщІэнур».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ**Іапі**э.

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэр яужь ихьащ партыхур къехьэлІэжьыным. Ар мы гъэм гектар мини 141-м щІигъум щащІащ икІи илъэс кІуам хасам и проценти 103-рэ мэхъу.

ЯПЭУ а лэжьыгъэр щыщІадзащ республикэм и тафэтес щыпІэхэм - Прохладнэ, Май щыналъхьэм. Гъэмахуэр уэфІу, хуабэу зэрыщытам къыхэкІыу, илъэс кІуам нэхърэ нэхъ пасэу гъавэр къеХьэлІэжьыным щІадзащ. Зэкіэ зыхуэнсар гектар 650-р Іухьжьынырщ, ар нэгъабэ и иджы хуэдэ пІалъэм ирихьэлІэу зэщІакъуэжам и проценти 114-рэ мэхъу. Зы гектарым ику иту центнер 45-рэ къытрах. Ар 2019 гъэм елъытауэ проценти 105-рэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъавэгъэкІэжам 2019 гъэм нартыхуу тонн мин 930-рэ кърахьэлІауэ щытащ. Мэкъумэшыщ**І**эхэр щогугъ мы гъэмэ абы нэхърэ ныжьнэхъ мащІэ къайхъулІэну.

КъБР-м щыщІадзащ гъавапхъэ нартыхур Іухьжьын

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадза зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - жэпуэгъуэм (октябрым) щыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапі**эми.**

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэлІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Терроризмэм зэрыпэщІэтыну Іэмалхэр яубзыху

● ЗэІущІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжьрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э министерствэм иджыблагъэ щекІуэкІащ мылъку къегъэщыным пымыщІа зэгухьанымгъэхэм экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къэмыгъэхъуным екъэлІауэ зэфІагъэкІхэм теухуа «стІол хъурей».

ЗэІУЩІЭР къызэІуихащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжьрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **КІуэрашын Анзор**. Абы къыхиГъэщащ мы зэхуэсыр къызэрызэрагъэпэщащ Терроризмэм пэщІэтхэр зэкъуэгъэувэным и махуэм ирихьелІэу. Министрым фІыщІэ яхуищІащ къахуеблэгъа псоми иКІи къыхиГъэщащ хэкІыпІэфІхэр зэгъуэгъу къызэрагъэтыфынур и фІэщ зэрыхъур.

Жылагъуэ зэгухьанымгъэхэм, дин Іуэхущ1апІэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, щІалэгъуалэ зэщІэхъеенымгъэхэм, республикэм и еджапІэхэм щІэс студентхэм я лІыкІуэхэр зэІущІэм хэтащ. Электрон материалхэр - видеороликхэмрэ дэфтэр зэмылІэужьыгъуэхэмрэ - къырихьлІэхэм хуэгуэшащ, я лэжьыгъэм адэкІи кІащ1ыхуэсэбэпын хуэздзу.

- Терроризмэм пэщІэтыным, экстремист гупсысэм земыгъэубгъуным теухуа Іуэхугъуэхэм дыщыпэрытын хуейр Терроризмэм пэщІэтхэр зэкъуэгъэувэным и махуэм и закъуэкъым, атІэ сыт щыгъуи ар ди къалэнщ, - зауХуигъэзащ къызэхуэсахэм экстремизмэр къэмыгъэхъуным щІалэгъуалэ политикэр гъэзэщІэнымкІэ властым и щІналъэ гъэзэщІакІуэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр зэщІэгъэуІуэнымкІэ КЪР-м и министр - **Къуэшырокъуэ Залым**. - Илъэс зыбжанэ ипэкІэ ди республикэм къыщыхъуа нэщхъеягъуэм хуэдэхэм дэ къытредгъэгъэзэж хъунукъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы щыгъуэм щыІа гугъуэцкъым ноби зыкъыдгъащІэ. Дэ ди къалэнщ щІэблэр а щытыкІэм пэІещІэ зыщІыну Іэмалхэр къызэдгъэпэщыну.

АдэкІэ министрым къыхихгъэщащ терроризмэм дуней псор зэригъэгулэзыр. Араш абы пэщІэтыфыну жылагъуэ лъэщ зэщІэгъэуІуэн щІыхуейр. Къыщынэмыщ1ауэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ лъэпкъхэр зэхуагъадэу, цІыхур фІыуэ яльагъуу, хэкупсэу щІэблэр къэгъэхъунми.

- Прокуратурэм и дежкІэ мыпхуэдэ зэІущІэхэр Іэмалыфіщ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэздэр, язныкъуэхэм и деж гу лъамытэу кьанэми, жылагъуэм кьедгъэщІэныжкІэ, - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм федеральнэ шынагъэншагъэмкІэ, лъэпкъ зэхущытыкІэхэмрэ экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и къудамэм и унафэщІ **Шурдым Анзор**. Абы и къэпсэлъэныгъэм, бжыгъэхэр тегъэщІапІэ щиІыр, къыщІэлъэпъэгъуауІ КЪР-м терроризмэр хэпщІыкІыу нобэкІэ зэрыщІыжьыхар иКІи хабзэхъумэ Іэнатіэхэм лэжьыгъэшхэр зэрызэфІагъэкІыр.

ЗэІущІэм хэтахэр Іуэху куэдым тепсэлъыхьащ. Ахэр нэхъ зыгъэпейтейхэм ящыщщ щІалэгъуалэм кьеГъэгъаззэгъуей зэрыхъуар иКІи абы и лъэныкъуэкІэ жылагъуэ зэгухьанымгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэфІэкІыр нэсу къзгъэссэбэпын зэрыхуейм. КъищынэмыщІауэ, и гугъу ящІащ щІэблэм дин щІэныгъэ зэрегъэгъэтыпхъэмрэ абыхэм ящыщ куэд интернет Іэмалыр къагъэсэбэпурэ щІэпэхьаращІэхэм зэрызэхащэмрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

БОРЫКЪУЕЙ Борис Хъызыр и къуэр

Дунейм ехыжащ цІыху щІыпкъэ, юрист, Іэщ1агъэлІ Іэзэ, бэм я сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжыным, республикэм хабзэр щыгъэбыдэным хьэлэлу хуэлажьа Борькъуейр Борис Хъызыр и къуэр.

Борькъуейр Борис КъБАССР-м хыхьэ Аруан щІыналъэм щыщ Старэ Шэрэдж къужажм 1935 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м къащ1ащхъащ. НэхъыфІхэм хабжэу курыт еджапІэр кІуиха нэужь, ар 1953 гъэм щІэтІысхьащ Къэбэрдей Институтым и физико-математикэ къудамэм. Ящ1э курсыр кІуиха къудейуэ абы и еджэнэр зэпигъэуН хуей хъуащ, Совет Армэм кьулыкъу щищІэну иджджэри. Илъэсищкі э и къалэныр ирихьэкІри, Борис и унэм къэкІуэжащ, юрист Іэщ1агъэр зригъэгъэуэтыну мурад быдэ иІэу иКІи и еджэным щыпищэжыну пединститутым игъэззэжакъым. Налшык къалэ дэт АТК №21-м щофёру щІалажьэурэ, абы егупуу зыхуигъэзьэзырыт Саратов дэт юридическэ институтым - юрист щІэныгъэ щІагъэгъуэту къэралым щІэлажьэурэ, абы егупуу зыхуигъэзьэзырыт Саратов дэт юридическэ институтым - юрист щІэныгъэ щІагъэгъуэту къэралым щІэлажьэурэ, абы еГ

«Дэ дыбгырысщи - ар насыпышхуэщ!»

Адыгейм и цыхубэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Чуякъуэ Инус къыззэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 27-м къалъхуащ зи творчествэжькІэ пЭпкъ литературэр кУэдкІэ нэхъ къулей, нэхъ лъагэ зыщІа адыгэлІ цІэрыІуэ Чуякъуэ Инус.

Илъэс 80 ирикъыным мазэ бжыгъэ фІэкІа имыІэжу ар дунейм зэрехьжар зигу щІэмыхьа адыгэм къытхэту си фІэщ къурхъуми. Си щхьэкІэ сынаспыпІэфІэу зызолытІэж, ар къэсцІыхуну Іэмал сиІащи. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфэщ Мухьэмэд и гъусэу Іэжьыгъэ Іуэхукіэ 2013 гъэм Мейкъуапэ дыкІуэу дыхузэауэ щытащ. Хуабагъэрэ гуапагъэкІэ гъэнщІа а зэІущІэр сэ зэи сиІу ихужьинукъым. Литературэр фІыуэ зэрыслъагъур, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэм сызэрыхэтыр къыщищІэм, Инус и гуапэ зэрыхъуар пхужьІэнтэкъым. Абы чэнджэщ щхьэпэжэр щыІатащ, сигъэгушхуэщ, къысхуэщхьэпэну къыщыхьу тхылъ куэд дыдэкІэ къысхуэупсэри, езым ейхэри къысхудыщІигъужат. Нэрылъагъут ар я щхьэ хуэтхэж тхакІуэхэм хуэмыдэу, лъэпкъым и къэкІуэнум егупсысэр щІэблэм гъэзгу иритыну зэрыхущІэкъуар. Абы хуэдэр зырыст!

1940 гъэм, бадзэуэгъуэм и 27-м Теуважж щІынальэм ныкъо Гъэупыкъуей къуажэм Инус къыщалъхуащ. Адыгей педагогикэ училищэр къиуащ. ПІалъэ гуэркІэ ар сабий зеиншэхэм я гъэсакІуэу, курыт еджапІэм и егъэджакІуэу, Мейкъуапэ дэта профессионально-техническэ училищэ №17-м и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару щытащ. Ростов дэт къэрал университетым и журналистикэ факультетыр 1975 гъэм къиухри, «Социалистическэ Адыгей» газетым и корреспонденту, иужькІэ щэнхабзэмкІэ къудамэм и унафэщІу, щІыналъэ радиокомитетым и жылагъуэ-политикэ программэхэм я редактору, «Зэкъошныгъ» журналым и редактор нэхъыщхьэу, «Жьэрыбобым» сабий журналым и унафэщІу щытащ. Къыхэгъэщыпхъэщ курыт еджапІэм щыщІэсым щегъажьауэ Инус усэ итхыу зэрыщытар. Ахэр и анэм, къыщалъхуа къуажэм, и егъэджакІуэхэм ятеухуат. Апхуэдэт «Гумэкі» («Беспокойство»), «Нэпх Іэпыіэгъу» («Волшебная помощь»), «Щхьэр планетэр» («Планета, которая смеется»), «Ныбджэгъуи фаеди» («Посвящаю другу»), Джэныкъо пашъхьэм» («Возле очага»), «Щылычы джан» («Стальное платье») усэхэр, нэгъэщІэхэри.

1960 гъэхэм икуэм Инус и япэ Іуэтэжкэр къыдэкІащ. Творческэ гъащІэм зи лъэ щызыкъуэдия щІалэм проэзэ жанрым ныкъо лІэужьыгъуэ псори къыгъэІэрыхуат. Аращ къэралым и мызакъуэу, дунейм фІыуэ щащІыху «Сказание о Железном Волке», «Милосердие Черных гор, или Смерть за Черной речкой», «Красный дом» романхэр зытхар.

Чуякъуэ Инус Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм иджыри щІалэ дыдэу хагъэхьауэ щытащ икІи къыхуагъэфащащ абы и «Образ» литературэ саугъэтыр. Къищынэмыщіауэ, Адыгейм и Къэрал саугъэтым и лауреат хъуащ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ хэтащ.

КъэхутакІуэ Іэзэ, профессор Шибинская Еленэ Чуякъуэм теухуауэ итха пэжныгъэм ешы авторымрэ абы и творческэ гъэгуанэмрэ зэкІэрыпхынкІэ Іэмал имыІэу щыжиІэрт. «ТхакІуэ куэдым хуэдэу, Инус и творчествэм есым и гъащІэ гъэугуанэр къыщыщІыхугъуафІэщ. Абы и нэгу щІэкІа Іуэхугъуэзращ и сюжетэм тегъэщІапІэ яхуэхъур. Чуякъуэ Инус и тхыгъэхэм зи кІуэпсхэр быдэ, лъэщ, зэкъуэт лъэпкъым къыззэрыхэкІар къыхощыж (ар къыщалъхуа къуажэ щІыкІым Чуякъуэ лъэпкъым щыщу щІыху 530-м щІигъу дэсащ). Абыхэм тхакІуэ, щІэныгъэлІ, узэщІакІуэ, мэкъумэшыщІэ щІэрыІуэ куэд къыхэкІащ.

«Сэ зэи сытыншауэ схужьІэнукъым. Си гъащІэри литературэ гъэугуанэри дгъэзэеигъуэу сохь, ауэ щыхъукІи, игъащІэм сыкъэдэхыхкъым, дапщэщи сызэрыпсэунум, сызэрытхэним сыхущІокъу», - щыжиІэуэ щытащ Инус «Нарт» газетым ирита интервьюм.

«Очажный огонь моей жизни» фІэщыгъэм щІэту абы езым теухуауэ итха Іуэтэжым иджыри сабий дыдэу и тхакІуэ хьэлыр къызэрыпэІуар къыщыдощІэ. Ар и анэ Зулихъэ къухуеджэрт пасэрей таурыхъхэм, Іуэтэжхэм, уэрэдыжьхэр жриІэрт. А зэманым щегъэжьауэ, сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, творчествэр и гум ящыкъуэбейрти абы и гупсысэр етат. Арагъэнщ ар лъагэуэ щэхукІэ литературэм и дуней абрагъуэм къыхэзышар.

1976 гъэращ Инус и тхыгъэ япэу урысейпсо утыку щрихьар. «Вернись, Титу, вернись» Іуэтэжыр «Смена» журналым къытрадзат. УкраиниБзэкІэ зэдзэкІауэ а тхыгъэр «Первоцвет» (1982 гъэ, Киев) тхылъым ихуат. 1985 гъэм «Современник» тхылъ тедзапІэ щІэрыІуэм абы и ІэдакъэщІэкІэр щыхэжъхьэса «Чужая боль» тхылъ къыдигъэкІащ.

«Кинжал танцора», «Чужая боль» зыфІища тхыгъэхэм къыщыІэтар зэманым къыщыятэ Іэзэхуэрщ. Апхуэдэщ щІыуэпсыр хъумэн, абы и хъугъэфЫгъуэхэм яхуэсакъын зэрыхуейр. Сыт зэманри художественнэ тхыгъэхэм щыпэрыт темэу, унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэу, ауэ щыхъукІи зи щІэупщІэ мыкІуэдхэу - емрэ фІымрэ, лъагэуныгъэмрэ лъагэмыхъуныгъэмрэ, гущІэгъумрэ зэхэщІыкІынщэмрэ я гъусэу авторым игъуэу гу лъыттэну дыкъыхуреджэ апхуэдизу фІыгъуэр къыдэзыта щІыуэпсым дыхузэакъыну, арыншамэ, къэхъункІэ хъуну щынагъуэм зыщытхъумэну чэнджащ къыдет.

Лъэпкъым и пщэдей, абы и зыхъумэжыныгъэм мымащІэу тетхыхьахэм ящыщщ Чуякъуэри. И мащІэкъым Инус адыгэхэм я тхыдэр зи лъабжьэ, и щхьэ къурикІуахэм теухуа тхыгъэ гуузэхэри.

80-90 гъэхэм авторым къигъэлъэгъуэхэр гурэ псэкІэ езым пэгъэнэгъуэ, «Жьэгъобым» сабий журналым и унафэщІу щытащ. Къыхэгъэщыпхъэщ курыт еджапІэм щыщІэсым щегъажьауэ Инус усэ итхыу зэрыщытар. Ахэр и анэм, къыщалъхуа къуажэм, и егъэджакІуэхэм ятеухуат. Апхуэдэт «Гумэкі» («Беспокойство»), «Нэпх Іэпыіэгъу» («Волшебная помощь»), «Щхьэр планетэр» («Планета, которая смеется»), «Ныбджэгъуи фаеди» («Посвящаю другу»), Джэныкъо пашъхьэм» («Возле очага»), «Щылычы джан» («Стальное платье») усэхэр, нэгъэщІэхэри.

1960 гъэхэм икуэм Инус и япэ Іуэтэжкэр къыдэкІащ. Творческэ гъащІэм зи лъэ щызыкъуэдия щІалэм проэзэ жанрым ныкъо лІэужьыгъуэ псори къыгъэІэрыхуат. Аращ къэралым и мызакъуэу, дунейм фІыуэ щащІыху «Сказание о Железном Волке», «Милосердие Черных гор, или Смерть за Черной речкой», «Красный дом» романхэр зытхар.

Чуякъуэ Инус Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм иджыри щІалэ дыдэу хагъэхьауэ щытащ икІи къыхуагъэфащащ абы и «Образ» литературэ саугъэтыр. Къищынэмыщіауэ, Адыгейм и Къэрал саугъэтым и лауреат хъуащ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ хэтащ.

Къэхутакіуэ Іэзэ, профессор Шибинская Еленэ Чуякъуэм теухуауэ итха пэжныгъэм ешы авторымрэ абы и творческэ гъэгуанэмрэ зэкІэрыпхынкІэ Іэмал имыІэу щыжиІэрт. «ТхакІуэ куэдым хуэдэу, Инус и творчествэм есым и гъащІэ гъэугуанэр къыщыщІыхугъуафІэщ. Абы и нэгу щІэкІа Іуэхугъуэзращ и сюжетэм тегъэщІапІэ яхуэхъур. Чуякъуэ Инус и тхыгъэхэм зи кІуэпсхэр быдэ, лъэщ, зэкъуэт лъэпкъым къыззэрыхэкІар къыхощыж (ар къыщалъхуа къуажэ щІыкІым Чуякъуэ лъэпкъым щыщу щІыху 530-м щІигъу дэсащ). Абыхэм тхакІуэ, щІэныгъэлІ, узэщІакІуэ, мэкъумэшыщІэ щІэрыІуэ куэд къыхэкІащ.

«Сэ зэи сытыншауэ схужьІэнукъым. Си гъащІэри литературэ гъэугуанэри дгъэзэеигъуэу сохь, ауэ щыхъукІи, игъащІэм сыкъэдэхыхкъым, дапщэщи сызэрыпсэунум, сызэрытхэним сыхущІокъу», - щыжиІэуэ щытащ Инус «Нарт» газетым ирита интервьюм.

«Очажный огонь моей жизни» фІэщыгъэм щІэту абы езым теухуауэ итха Іуэтэжым иджыри сабий дыдэу и тхакІуэ хьэлыр къызэрыпэІуар къыщыдощІэ. Ар и анэ Зулихъэ къухуеджэрт пасэрей таурыхъхэм, Іуэтэжхэм, уэрэдыжьхэр жриІэрт. А зэманым щегъэжьауэ, сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, творчествэр и гум ящыкъуэбейрти абы и гупсысэр етат. Арагъэнщ ар лъагэуэ щэхукІэ литературэм и дуней абрагъуэм къыхэзышар.

1976 гъэращ Инус и тхыгъэ япэу урысейпсо утыку щрихьар. «Вернись, Титу, вернись» Іуэтэжыр «Смена» журналым къытрадзат. УкраиниБзэкІэ зэдзэкІауэ а тхыгъэр «Первоцвет» (1982 гъэ, Киев) тхылъым ихуат. 1985 гъэм «Современник» тхылъ тедзапІэ щІэрыІуэм абы и ІэдакъэщІэкІэр щыхэжъхьэса «Чужая боль» тхылъ къыдигъэкІащ.

«Кинжал танцора», «Чужая боль» зыфІища тхыгъэхэм къыщыІэтар зэманым къыщыятэ Іэзэхуэрщ. Апхуэдэщ щІыуэпсыр хъумэн, абы и хъугъэфЫгъуэхэм яхуэсакъын зэрыхуейр. Сыт зэманри художественнэ тхыгъэхэм щыпэрыт темэу, унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэу, ауэ щыхъукІи зи щІэупщІэ мыкІуэдхэу - емрэ фІымрэ, лъагэуныгъэмрэ лъагэмыхъуныгъэмрэ, гущІэгъумрэ зэхэщІыкІынщэмрэ я гъусэу авторым игъуэу гу лъыттэну дыкъыхуреджэ апхуэдизу фІыгъуэр къыдэзыта щІыуэпсым дыхузэакъыну, арыншамэ, къэхъункІэ хъуну щынагъуэм зыщытхъумэну чэнджащ къыдет.

Лъэпкъым и пщэдей, абы и зыхъумэжныгъэм мымащІэу тетхыхьахэм ящыщщ Чуякъуэри. И мащІэкъым Инус адыгэхэм я тхыдэр зи лъабжьэ, и щхьэ къурикІуахэм теухуа тхыгъэ гуузэхэри.

80-90 гъэхэм авторым къигъэлъэгъуэхэр гурэ псэкІэ езым пэгъэнэгъуэ, «Жьэгъобым» сабий журналым и унафэщІу щытащ. «Кинжал танцора» повестым и лІыхъужь нэхъыщхьэр археолог, тхыдэдэр, щІэныгъэлІ щІалэр. Абы и авторым тхыдэм и щІагъыбзэхэр, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыхъу щІэблэм я зэщхьэщыкІынигъэр, зэманым и нэпкъыжьэ щІыхуэм къызэрытенэр Іупщі ещІ.

ТхакІуэм икъукІэ Іэзэу икІи дахэу къаемэр: лІыгъэм, лІыхъужьыгъэм, лъэпкъ напэм и фэеплъу къегъэлъагъуэ. Якъутэжыну загъэхъэзыра адэзшхуэм и унэжьым къамэр къыззэрыщалъхьуэр гъэщІэгъэнщІ. Ар иныгъуу Щэбан нэмыцэм пэуви, телъыджэу зигъэджэрэзати, бийр гужьеиф (Тхъэм ещІэ хуабжу зэрызигъэджэрэзым щышынэ?), кІэрахъуэ кърихри, Щэбан къиуиклат.

ТхакІуэм и къалэмыпэр образкІэ кулейф. Абы и лІыхъужьыр щІэджыкІакІуэм иригъэщІыхун папщІэ псалъэхэм щысхькъым. Къамэр иныгъуу щІалэр къыззэрыфар Инус къыззэрыдбгъэдилъхьэ теплъэгъуэ къудейр сыт и уасэ?!

И фІагъкІи и мыхьэнэкІи зыкІи нэхъ лъахъышэтэкъым къыкІэлъыкІуэ «Сказание о Железном Волке» романыр. Абы и псалъапэр хуэзытха Распутин Валентин жиІауэ щытащ: «Лъэпкъ щхьэхуэм теухуауэ нэхъ тхылъыфІ, зытепсэлъыхь лъэпкъыр нэхъыфІу кІозыгъэщІыху гъэри седжауэ къысхуэщІэжыкрым. Дунейм щІыху, лъэпкъыу тетыр зэгурыІуэн, зэдзэгъуэгурыкІуэн папщІэ, мы тхылъым зэритым хуэдэу, куэд щІауэ зыр адрейм едгъэщІыхужьн хуейт».

Къэралым щыщІэрыІуэ журналхэм къытрадза иужькІэ мы романым щІэупщІэшхуэ иІэ, къыпэджэжьи дбгъэдилъхьэ теплъэгъуэ къудейр сыт и уасэ?!

И фІагъкІи и мыхьэнэкІи зыкІи нэхъ лъахъышэтэкъым къыкІэлъыкІуэ «Сказание о Железном Волке» романыр. Абы и псалъапэр хуэзытха Распутин Валентин жиІауэ щытащ: «Лъэпкъ щхьэхуэм теухуауэ нэхъ тхылъыфІ, зытепсэлъыхь лъэпкъыр нэхъыфІу кІозыгъэщІыху гъэри седжауэ къысхуэщІэжыкрым. Дунейм щІыху, лъэпкъыу тетыр зэгурыІуэн, зэдзэгъуэгурыкІуэн папщІэ, мы тхылъым зэритым хуэдэу, куэд щІауэ зыр адрейм едгъэщІыхужьн хуейт».

Къэралым щыщІэрыІуэ журналхэм къытрадза иужькІэ мы романым щІэупщІэшхуэ иІэ, къыпэджэжьи дбгъэдилъхьэ теплъэгъуэ къудейр сыт и уасэ?!

Сыт и уасэ «Милосердие Черных гор...» фІэщыгъэм щІэт и гъыбзэр!

«ТхакІуэм, романистым и къалэн нэхъыщхьэр сыт щыгъуи щІэ гуэр къыгъуэту и щІэджыкІакІуэм я пащхьэ иритлъхьэныгъ, и лІыхъужьхэр фІыуэ дигъэлъагъуныгъ. Дапщэщи абыхэм «зыкъагъэльагъуэну» Іэмал изот, утыку изошэ. Си лІыхъужьхэр гугъуэ езгъэхьу къэзыльытэ е абыхэм я нэхъыбэр зэрылІэм папщІэ сызыгъэкъуанщэ щыІэщ, сыт-тІэ сэ гъащІэм схуещІэнур? ГъащІэр аращ зэрызэхэлъыр!

Си тхылъхэр лъэпкъым и тхыдэм и закъуэкъым зытеухуар. Иджырей дунейм псэр пуд щохъури, щыхухэм я дежкІэ щынэрылъагъуш апхуэдэ дуней тетыкІэм, гупсысэкІэм лъэпкъыр жьгъей зэращІыр. Абы къыхэкІыу тхакІуэхэм я пщэм къалэн дэлъщ фІымрэ емрэ, мыхьэнэ зиІэмрэ зыкІи дызыхуэмей Іуэхугъуэхэмрэ жылагъуэм я деж нэтхьэсыну.

Сэ схуэдэ тхакІуэхэм сахуэзэну, абыхэм си гукъеуэ ядзэгъуэшну сфІэфІщи, схужьІэнуращ, литературэхэм лъэпкъ нэпкъыжьэ ятелъыжкъым, къэдІыхужьыгъуафІэ лІыхъужь диІэжжьым. Ауэ зэщыщІыгъуфыкІынри мащІэкъым, литературэм псэщІэ къыхохьэж, кІуэ пэтми тхэхэр нэхъыбэ мэхъу.

Лащщэщи сфІэфІщ икІи сфІэфІщ Щыхуэхэм зыгуэркІэ садзэгъэшэну, арагъэнщ тхакІуэ схущІэхъуари. Абы къыхэкІыу щІалэгъуалэм, тхэн щІэзыдзагъащІэхэм, гулъытэ зэрестыным сыхущІокъу. Сыхуейт абыхэм я къалэныим, я щхьэ пщІэ хуащІыжу псэуну, зи хъэтІ ягу ирихыым жуэ иувэу мыкІуэу, езым я гъэзгу пхашьжыну, армыхьумэ, гува-щІэхами щыхупІэ гъэрым къыщыхухугъэкІэ хуэІуэ щыІэкъым. Уи гъэгуэм хэбгъащІракъым, уи пІэм гъэрымитырщ нэхъыщхьэр. Быдэу си фІэщ мэхъу лъэпкъ литературэм и уэгум а иджыпсту къыщыгунэхуэ вагъуэхэм езым я уви пІэ зэрыщащыбдыжынур. Дэ, нэхъыжьхэм, ди къалэнращи, ди ижьж итхэм я гъэгур нэхъ нгэжу, тынш зэрыпщІынум дыхуущІэгъэжу, лъакъуэпэщІэдэ дыжмыгъэщІу! Иджы ахэращ лъэпкъ зэпыщІэныгъэхэмрэ зэгурыІуэныгъэхэмрэ зи пщэрылъыр. Ахэращ лъэпкъым, къэралым и къэкІуэнур зэлъытар!», - псалъэ пэжхэр итхауэ щытащ Инус.

СЫТ ХУЭДЭ тхакІуэм дежкІи насыпыр и тхыгъэхэм щІэупщІэ яІэнырщ, цыхухэм зыхащІыкІынырщ. Абы и лъэныкъуэкІэ лъэпкъым къыхэкІа тхакІуэ насыпифІащэхэм ящыщщ Чуякъуэ Инус. Еджэнщ фІыуэ зыльгъэу зы адыгэ щыІэу къыщІэкІынкъым абы и творчествэм щымыгъэзэ, и Іэдакъэщ ІкІэхэм ящыщу зы нэхъ мыхьэуми емыджа. Апхуэдэ щІыху къызыхэкІа лІэкъуэм, лъэпкъым ящыщ зы нэхъ мыхьэуми щыІэхукІэ, абы и щІэр псэунущ.

«Дэ дыбгырысщи - ар насыпышхуэщ!ЩІыхуэ акъыльнышэращ «бгырыс» псалъэм и мыхьэнэр зыгъэльэлъхьэфрынур. Уеблэмэ, ар насыпэ курыхущ икІи жэуаплныигъэшхуэщ бгырысу ущытыныр!

А насыпыр къыбгурыІуэу пхъумэн, уи хэкум - Кавказым - уринапэу, уринапщІэу упсэун хуейщ!», - гупсысэ дахэр Чуякъуэ Инус 2008 гъэм итхауэ щытащ. Шэч хэлъкъым а гупсысэр и гъуаэзу езыри зэрыпсэуам. Абы къигъэна Іэужьым хуэфэщэн щІэблэ Тхьэм лъэпкъыр щимыгъащІ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Адыгэ гусархэр

● Лъагъуэхэмрэ гъуэгуэхэмрэ

Европэми Урысейми я армэхэм куэд щІауэ щыщІэрыІуащ гусар шухэр. Ахэр япэ дыдэ къыщыунэхуар Мэжэрыщ (Венгриерщ) - 1458 гъэм. Гусар шуудэхэм хагъэхьэ хабзэр уэрхъэрт, уэркъ унагъуэ тІощІ къэс зы шу къыхашурэ. Урысейм и армэм уэркъ (гусар) шуудзэхэр хэтащ 1634 гъэм къыщыщІэдзауэ 1917 гъэ пщІондэ. Гусар шухэм тхыдэ хьэлэмэт къызэранэкІащ - абы хэти щыгъуазэщ. Нобэрей щІэблэр зыщымыгъуазэр апхуэдэ шуудзэхэм адыгэ щІалэ хахуэ куэд зэрыхэтащ.

ГУСАР полкхэм къулыкъу щызыщІахэм ящыщщ Кърым зауэм и зэманым (1853-1856 гъэхэм) си цІэ Іуаэу щыта ротмистр **Абыкъуэ Беслъэн**. Павловскэ кадет корпусыр 1846 гъэм къиуха нэужь, майор хъуху, ар гусар полкым хэтащ, Кърым зауэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ Владимир орденым и 4-нэ дамыгъэр кратауэ щытащ. Дзэм къыхэкІыжа нэужь, Къэбэрдейм къиГъэззэкри, Абыкъуэ къуажэ щызэуащ.

Кърым зауэм хэтащ **Анзор Исмэхьили** (1828 - 1889). Ар лІакъуэлІэщ унагъэм къыхэкІащ, генерал Анзор Хьэту и къуэш. Езанэ кадет корпусыр къиуха нэужь, зауэ куэдым хэхутащ, Станислав орденым и 1-нэ дамыгъэр кратащ, штабс-ротмистр хьуауэ дзэм къыхэкІыжащ, Анзор Хьэту и къуажэм (Хьэтуей) щыпсэуащ.

4-нэ Мариупольскэ гусар полкым хэтащ подполковник **Астемыр Талъостэн**. Ар Джылахъстэнейм щыщ уэркъ унагъуэм къыщалъхуащ, 1872 гъэм лъандэрэ и хэку щыпсэужащ.

Кърым зауэм хэта гусар полкым къулыкъу щищІащ Дыгулыбгъуей (Тамбий Езанэм) щыщ **Гъуэгуэкъуэ Тасулътан**. Бытырбыкъу щеджащ, корнет хьуауэ Мэжэр, Кърым зауэхэм хэтащ.

Полковник **Къубат Мыхьэмэт** Белорус гусар полкым хэтащ; Иналхьэлэ (иджы Къэрэгъэлэ) пэмыкжьжь къутырым къыщалъхуащ, кадет корпус къиухащ, Мэжэрми Трансильваниеми щызэуащ, Аннэ орденым и 3-нэ дамыгъэмрэ Станислав орденым и 2-нэ дамыгъэмрэ кратащ. Дзэм къыхэкІыжа нэужь, Владикавказ щыпсэуащ.

Къундет Жанхъуэт къэбэрдей лІакъуэлІэш унагъуэм къыщалъхуащ, Бытырбыкъу дэта кадет корпусым щеджащ, Елизаветград гусар полкым хэтащ, 1887 гъэм щыщІэдзауэ 8-нэ драгун полкым къулыкъу щищІащ, абы полковник щыхъуащ. 1901 гъэм генерал-майор цІэр къыфІащащ. Дзэм хэтыху кратащ Аннэ орденым и 2-нэ, 3-нэ дамыгъэхэр, Станислав орденым и 2-нэ, 3-нэ дамыгъэхэр, Владимир орденым и 3-нэ, 4-нэ дамыгъэхэр, дыщэ, дыжьын медаль льапІэ зыбжанэ. Дзэм къыхэкІыжа нэужь, Владикавказ щыпсэуащ.

Лыхъым (Польшэм) къулыкъу щызыщІэ адыгэ гусар . *1832 гъэ*

8-нэ Лубенскэ гусар полкым къулыкъу щищІащ ротмистр **Къунижь Зауэбэч**. Дзэ къулыкъу нэужьым ар Мэртэзей щыпсэуащ.

Нэгумэ Шоорэ и къуэ Ерустам (1827 - 1904) Бытырбыкъу дэт Павловскэ кадет корпусыр къиуха нэужь, гусар полкым, Дон къэзакъ полкым, Кубань къэзакъ полкым къулыкъу щищІащ. 1852 гъэм дзэм къыхэкІыжри, Ашэбей (Малкэ), Лафышъхьэбэ (Псыхъурей) щыпсэуащ.

14-нэ Митаев гусар полкым 1857 гъэм къыщыщІэдзауэ 1703 гъэ пщІондэ къулыкъу щищІащ **Хьэгъундокъуэ Исмэхьил** (генерал цІэрыІуэ Хьэгъундокъуэ Едыдж и адэщ); 1864 гъэм штаб-ротмистр, 1869 гъэм ротмистр (майор) хъуащ, 17-нэ Северскэ драгун полкми Кубань къэзакъыдзэми хэтащ. «Шэрджэсым и гукъэкІыжхэм щыщ» абы и очеркыр 1867 гъэм къыдэкІа «Военнэ сборникым» тридзащ.

Къэбэрдей уэркъхэм нэмыщІ, гусар шуудзэхэм къулыкъу щащІащ кІахэ адыгэ куэдми. Абыхэм ящыщщ: ротмистр **Къэдрокъуэ Кърымджэрий**, есаул **Мэгъурокъуэ Аслъэнджэрий**, полковник **Сулътан Къадыр-Джэрий** (Хэку зауэм и зэманым Шэрджэс шу дивизэм щыщ 3-нэ Шэрджэс шу полкыр Іэщ1ъэуащ), ротмистр **Сулътан Кърым-Джэрий** (урыс-япон зауэм хэта Шэрджэс шуучІэм и командиру щытащ, зауэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ орденихрэ медаль зыбжанэрэ къратащ), штабс-ротмистр **Сулътан Мурат-Джэрий** (Кавказ шу дивизэм щыщ Шэрджэс шу полкым хэтащ), хорунжий **Хьэжьмыкъуэ Тэмтэч** (иужьрей бжьэдыгъу пщышхуэм и къуэш, 1877 - 1878 гъэхэм урыс-тырку зауэм хэтащ, «КъухьэпІэ Кавказым и лъэпкъхэр» тхыгъэр къызэринэкІащ).

КЪЭЗАКЪ Аслъэн,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

● Жьжьэ - гъунэгъу

Верещагин Василийрэ Къэбэрдеймрэ

Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ Верещагин Василий 1865 гъэм (абы щыгъуэ Художествэхэмкіэ академием щеджэрт), Тифлис кІуауэ щытащ. Куржым и щыхьэрым щыкІуэм, Къэбэрдеймкіэ кІуэцІрыкІащ сурэтыщІ щІалэр. Адыгэ куэдым нэІуасэ хэуауэ щытащ. Ар ящыгъуэ ІуэрыІуэ щыІэжкъым. Дэ, нэхъыжьхэм, ди къалэнращи, ди ижьж итхэм я гъэгур нэхъ нгэжу, тынш зэрыпщІынум дыхуущІэгъэжу, лъакъуэпэщІэдэ дыжмыгъэщІу! Иджы ахэращ лъэпкъ зэпыщІэныгъэхэмрэ зэгурыІуэныгъэхэмрэ зи пщэрылъыр. Ахэращ лъэпкъым, къэралым и къэкІуэнур зэлъытар!», - псалъэ пэжхэр итхауэ щытащ Инус.

СЫТ И ГЪУЭГУАНЭ тхыгъэхэм къызэрыхэщымкІэ, ар ятхьэхэсуащ, къэбэрдейхэм я хабзэхэм, щыгъуазэ захуигъэщІащ я псэуклэм, я Іуэрыіуэтэм. «Я лІыгъэрэ цІыхугъэкІэ къэбэрдейхэр къахощ Кавказ бгырысхэм, я гъунэгъу лъапсэхэм абыхэм щапхъэ трах», - итхащ Верещагиным, къэбэрдейхэм я тхыдэмрэ я хабзэхэмрэ щыгъуазэ захуищІа нэужь.

Къэбэрдейхэмрэ урыс-хэмрэ я зэхуущытыкІэм щытепсэлъыхькІэ, ахэр пащтыхь Иуан IV и зэман лъандэрэ благъэ зэрызэхуэхъуам гу лъетэ Верещагиным, абы щыгъуэми, ибзыщІыртэкъым урыс дзэпщхэм къыкІэлъыкІуэрахьэ лейр къэбэрдейхэм ягу зэрытемыкІуэр, къэбэрдей уэрэд Пушкь Іэпхъуэн хуей зэрыхъуар, лъэпкъым и къаурм кІуэ пэтми зэрыхэщІыр.

«ЕпщыкІуэ бгъуанэ лІэщІыгъуэм етауэ щыта емынэ узым къэбэрдей адыгэхэм я зэхуэдитІыр ихьащ. Узым кьелам 1822 гъэм кІэ яритащ генерал Ермоловым, - дыкъыщоджэ сурэтыщІым и тхыгъэхэм. - МафІэрэ джатэкІэ. Адэкіэ пещэ: «Зауэм гуащІэмащІэ хэхъухьами, къэбэрдейхэр кІыззтенащ. Псыжь адрыщІ ис я лъэпкъэгъуэхэм я щхьэр зауэм халъхьащ, зэтраукІащ, я кІуаежэхэр ягъэсащ, псэууэ кьэнам я нэхъыбапІэм хэкур ябгынэри, Тыркум Іэпхъуащ».

Къэбэрдейхэм я хьыбар къызыхэщыр Верещагиным и гъуэгуанэ тхыгъэхэм я закъуэкъым, а тхыгъэхэр абы игъэщІэрэщІащ адыгэхэм ятрищІыкІа сурэтхэмкІэ. Париж 1868 - 1869 гъэхэм къыщыдэкІа журнал гуэрым традзащ Верещагиным къэбэрдейхэм ятрищІыкІа сурэт зыбжанэ: адыгэ фащэ зыщыгъ тхьэмадэ жьакІэхэ, фочкІэ, сэшхуэхэкІэ, къамэкІэ зэщІэуэзэда къэбэрдей шууей, мэкъумэшыщІэ, адыгэ бзыльхъугъэ, лъэпкъ фащэкІэ хуэпаэу. Бытырбыкъу дэт Урыс музейм щІэльщ Верещагиным и сурэтитІ - «Къэбэрдей адыгэ», «Тхьилъ еджэ шэрджэс».**

Верещагин Василий Къэбэрдейм нэхъ иужькІи щыхьэщІащ - дуней псом щыцІэрыІуэ художник хъуауэ. Абы щыгъуэ щІыІуэу щытащ «Іуащхьэмахуэ щыуэлбанэщ», «Іуащхьэмахуэ бгыр» сурэтхэр.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

Верещагин Василийрэ ди хэкум абы щищІа сурэтымрэ.



Аргуэру саугъэтхэр къыхуагъэфащэ

Урысей кином и махуэм, шыщхьэуІум и 27-м, кинематографиемкІэ «Золотая тарелка» саугъэтыр зыхуагъэфащэр Къэзан щагъэлъэпІащ. ЛъэпкъыбзэкІэ къыхэдгъэкІа лэжьыгъэ нэхъыфІу абы къыщалъхытащ КъБР-м и режиссёр Битокъу Владимир и «Псыежэх куухэр» фильмыр.

БИТОКЪУ Владимир къыдэкІуэу, а зэхьхьэм щагъэпэжащ саугъэтитІ зэуэ къэзыхьа ди хэкуэгъуэ режиссёр Золотухин Александр. Къагъэлъэгъуахэм ефІэкІыу къалъытащ абы и Іэдакъэ къыщІэкІа «Мальчик русский» фильмым и сценарийр икІи а лэжьыгъэм Королёв Владимир щигъэзэщІа ролыр цІыхухъу роль нэхъыфІ хъуащ.

КъыжьІапхъэщ, Золотухин Александри Битокъу Владимири Сокуров Александр зэригъэсэнщ. ГъэсакІуэ цІэрыІуэми «Золотая тарелка» саугъэтыр къратащ, кино гъуэзджэм и зыгъэпсэхугъуэ пІалъэхэм тещІыхьа программэр икІи зы жэщ-махуэм къриубыдэу абы хуэзэну уасэр, - къыддогуашэ Кьардэныр.

Быйадэм дзыхь къыхуащІа ныбжьыщІэхэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр щІэщІгъуэу икІи гукъинэжу къаухуэрэгъэпэщ: щІыуэпсым, гуэлым, псыежэхым, тенджызым ешэ, шы тесыкІэ, къэжьхьыкІэ ярегъащІэ, шашкэ, шахмат, футбол егъэджэгу. Абыхэм теуха суэртэхэмрэ видеохэмрэ интернетым щыгъунэжщ.

КъыжьІапхъэщ, Кьардэныр сабийхэм хуэгъэза псапэ Іэухуэр лэжьыным жьджэру зэрыхэтыр. Апхуэдэщ ДЦП узыфІэ зиІэ, иппотерапием екІуалІэхэм пщІэншэу зэрадэлажьэр. КъищынэмыщІауэ, курыт школым къыщыхэжаныкІ сабиилІым тхьэмахуэ хэзых сыхьэтитІым къриубыдэу щыкІэ пщІэншэу къарегъэжьых, ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ зрагъэгъуэтыным нэхъри тригъэгушхуэу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Къардэн Ахьмэд быфадэ хабзэр къегъэщІэрэщІэж

● Щапхъэ

Дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэу, тэквондо спорт лІэужьыгъуэм сабийхэр хуэзыгъасэ Кьардэн Ахьмэд пасэрей атэлыкъ (быфадэ) хабзэр къегъэщІэрэщІэж.

КЪАРДЭН Ахьмэд дзэм къулыкъу щищІэу къигъэзэжа нэужь, хабзэхъумэ Іэнатіэм щылэжьэн мурад иІэу и тхылъхэр игъэхьэзырыну иужь ихьащ. Абы хэту я бжэІупэм щигъэуващ спортым зэрызыхуигъасэ Іэмэпсымэхэмрэ турниркэмрэ. ПІалъэ кІэщІым ар кІуапІэ яхуэхъуат хьэблэдэс сабийхэм. ЩыкІуэкъым ящыщ зым и адэр Ахьмэд кьелъэІуащ ныбжьыщІэхэм папщІэ гупжьей кьиззэригъэпэщу ядэлэжьэну.

- Нартан къуажэм щыщ, Москва щыпсэу Тебэрды Сулеймэн зэгуэр кьызэупщІат пасэрей быфадэ

КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ Роксанэ:

«Щыхум псэуху зиужьын хуейщ: зэфІигъэкІам хуеплъэкІыжу, нэхъыбэж зэрищІэным хущІэкъуу»

«Мадинэ» оперэм роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщІа, «Аршин мал алан опереттэм Гульчохра и образыр утыку кьизыхьа, мы зэманым Верди Джузеппе и «Травиатэ»-м Виолеттэ и ролыр хуэзыгъэхьэзыр КъуэщІысокъуэ Роксанэ КъБР-м и Музыкэ Театрым и артист нэхъ пажэхэм ящыщщ. ЖыгІэм щыхьэт тохъуэ къыхуагъэфащэ ролхэм я мыхьэнэр зэрыиныр.

ТЕАТР лэжьыгъэм къищынэмыщІа, Роксанэ эстрадэ уэрэдхэри къеХулІэу жеІэ. Иужьрей мазэхэр псом я дежкІи гугъуу щытами, абы уэрэдищ игъэхьэзыращ. ТІур Лий Асльэн и макъамэрэ Чэрты Мадинэ и псалъэхэмрэ зыщІэлъ «Си уэрэд», «Гъатхэ дахэ» лэжьыгъэзращ, ещанэр абы щригъэтхащ «Уэредадэ» студием - «Льагъуныгъэ гъыбзэ» уэрэдыжьыр къагъэщІэрэщІэжащ Битокъу Науркъанрэ ТеуныкІ. Альбертрэ и гъусэу. «ИкъукІэ сфІэфІу, си гум дыхьэу а лэжьыгъэр хуэщ. ЩІалэхэм фІыщІэ яхузощ, ди акъылрэ гупсысэрэ зэтехуэу а Іуэхум зэрысхуегугъуам папщІэ».

Накъыгъэм и 9-м ирихьэлІэу, ТекІуэныгъэ Иныр къыззрытхьрэ мы гъэм илъэс 75-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ ирагъэтха видеороликми Роксанэ и макъ дахэр щегъэІу.

- ЩІынальэ къэс зауэм, ТекІуэныгъэм теухуауэ апхуэдэ лэжьыгъэ зырыз ягъэхьэзыру Москва ирагъэхьыну къыхалъхьати, дэри а Іуэхум ди гуапэу дыхэтащ, - жеІэ Къуэщысокъуэм. - «На безымянной высоте» уэрэд цІэрыІуэм махуитКІэ делэжьащ, щытетхар Былым щІыпІэращ. Си гъусэу абы уэрэдыр щагъэзащІэ КъБР-м и Музыкэ театрым и солистхэу Дэгу Каринэ, Иуаз Азэмэт, Абей Рустам сымэ. ИкъукІэ гукъинэж тщыхъуащ а лэжьыгъэм дыхэрыхэтар, щытхъу, псалъэ дахэ кэуди зэрызэхьдагъэхьажам дигъэгушхуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: видеор щытетхым адыгэ фащэхэр тщыгъыну тедухуати, абыкІэ НакІэ Асльэн зыкъызэрытщІигъэкъуар.

Роксанэ оперэм, уэрэд жьІэным хуеджэныр кьызэрыхихар благъэ-Іыхьлым зыхуахьыныр ямыщІзу, яфІэгъэщІэгъэун хъуауэ щытами, иджы абы и утыку итыкІэмкІэ нэрылъагъэщ ар зэрыщІымыуар. Музыкэ школым илъэсибликІэ аккордеоным еуэным зыхуэзыгъэсауэ щыта хъыджэбэ цІыкІум курыт еджапІэр хьакІощиухьм зэуэ и мурадхэр ихьуэжри, ГъуаздджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Батыр Мухьэдин и деж оперэм щыуагъэжну тегушхуат. Къапщтэмэ, еджапІэ нэхъыщхьэр кьимыуж щыкІи ар ирагъэблэгъащ КъБР-м и Музыкэ театрым щылэжьэну.

- Дакъикъэ зыщыплI хуэдиз зи кІыхьагъэ зы уэрэд жьІэнымрэ лІыхъужь гуэрым и гущІагъэщІэлъхэр цІыхум утыку къахуипхьэнымрэ, дауи, зэхуэдэкъым. Эстрадэ уэрэдхэм щыщ згъэзащІэу щытми, сэ иужьрейращ нэхъ спэгъунэгъур, нэгъэщІу жьІпІэмэ, спектаклим и жьІпхъэм иту, оперэ уэрэдкІэ цІыху гъащІэр адрейхэм я деж нэсхьэсыжьи нэхъ сфІэгъэщІэгъэнщ, купщІэ хэлъу кьызолъытэ, - жеІэ Роксанэ. - Оперэм еэым псэ хэлъщи, къодаІуэхэм я гум нэхъ урилъэІэсыфу кьысщохъу. Пэжщ, а унэтІныныгъэр гъуаздджэм и кьудамэ нэхъ гугъухэм ящыщщ, абы кьыхэкІыу цІыхур оперэм едэІуэфын, и мыхьэнэр зыхищІэн щхьэкІэ пасэу абы нэІуасэ хэущІыІурэ кьыддэгъэкІуэтеипхъэщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, иджьпстуи дИэщ кьыдздаІуэхэр мымащІэу. Псалъэм папщІэ, Гаджибеков Ягъя и «Аршин мал алан» (роль нэхъыщхьэр щегъэзащІэ) опереттэр сыт хуэдизрэ театрым игъэлъагъэми, абы еплъыну кьытезыгъэзэжакэр хуэду диІащ.

ЩІынальэ къэс зауэм, ТекІуэныгъэм теухуауэ апхуэдэ лэжьыгъэ зырыз ягъэхьэзыру Москва ирагъэхьыну къыхалъхьати, дэри а Іуэхум ди гуапэу дыхэтащ, - жеІэ Къуэщысокъуэм. - «На безымянной высоте» уэрэд цІэрыІуэм махуитКІэ делэжьащ, щытетхар Былым щІыпІэращ. Си гъусэу абы уэрэдыр щагъэзащІэ КъБР-м и Музыкэ театрым и солистхэу Дэгу Каринэ, Иуаз Азэмэт, Абей Рустам сымэ. ИкъукІэ гукъинэж тщыхъуащ а лэжьыгъэм дыхэрыхэтар, щытхъу, псалъэ дахэ кэуди зэрызэхьдагъэхьажам дигъэгушхуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: видеор щытетхым адыгэ фащэхэр тщыгъыну тедухуати, абыкІэ НакІэ Асльэн зыкъызэрытщІигъэкъуар.

Роксанэ оперэм, уэрэд жьІэным хуеджэныр къызэрыхихар благъэ-Іыхьлым зыхуахьыныр ямыщІзу, яфІэгъэщІэгъэун хъуауэ щытами, иджы абы и утыку итыкІэмкІэ нэрылъагъэщ ар зэрыщІымыуар. Музыкэ школым илъэсибликІэ аккордеоным еуэным зыхуэзыгъэсауэ щыта хъыджэбэ цІыкІум курыт еджапІэр хьакІощиухьм зэуэ и мурадхэр ихьуэжри, ГъуаздджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Батыр Мухьэдин и деж оперэм щыуагъэжну тегушхуат. Къапщтэмэ, еджапІэ нэхъыщхьэр кьимыуж щыкІи ар ирагъэблэгъащ КъБР-м и Музыкэ театрым щылэжьэну.

- Дакъикъэ зыщыплI хуэдиз зи кІыхьагъэ зы уэрэд жьІэнымрэ лІыхъужь гуэрым и гущІагъэщІэлъхэр цІыхум утыку къахуипхьэнымрэ, дауи, зэхуэдэкъым. Эстрадэ уэрэдхэм щыщ згъэзащІэу щытми, сэ иужьрейращ нэхъ спэгъунэгъур, нэгъэщІу жьІпІэмэ, спектаклим и жьІпхъэм иту, оперэ уэрэдкІэ цІыху гъащІэр адрейхэм я деж нэсхьэсыжьи нэхъ сфІэгъэщІэгъэнщ, купщІэ хэлъу кьызолъытэ, - жеІэ Роксанэ. - Оперэм еэым псэ хэлъщи, къодаІуэхэм я гум нэхъ урилъэІэсыфу кьысщохъу. Пэжщ, а унэтІныныгъэр гъуаздджэм и кьудамэ нэхъ гугъухэм ящыщщ, абы кьыхэкІыу цІыхур оперэм едэІуэфын, и мыхьэнэр зыхищІэн щхьэкІэ пасэу абы нэІуасэ хэущІыІурэ кьыддэгъэкІуэтеипхъэщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, иджьпстуи дИэщ кьыдздаІуэхэр мымащІэу. Псалъэм папщІэ, Гаджибеков Ягъя и «Аршин мал алан» (роль нэхъыщхьэр щегъэзащІэ) опереттэр сыт хуэдизрэ театрым игъэлъагъэми, абы еплъыну кьытезыгъэзэжакэр хуэду диІащ.

ЩІынальэ къэс зауэм, ТекІуэныгъэм теухуауэ апхуэдэ лэжьыгъэ зырыз ягъэхьэзыру Москва ирагъэхьыну къыхалъхьати, дэри а Іуэхум ди гуапэу дыхэтащ, - жеІэ Къуэщысокъуэм. - На безымянной высоте» уэрэд цІэрыІуэм махуитКІэ делэжьащ, щытетхар Былым щІыпІэращ. Си гъусэу абы уэрэдыр щагъэзащІэ КъБР-м и Музыкэ театрым и солистхэу Дэгу Каринэ, Иуаз Азэмэт, Абей Рустам сымэ. ИкъукІэ гукъинэж тщыхъуащ а лэжьыгъэм дыхэрыхэтар, щытхъу, псалъэ дахэ кэуди зэрызэхьдагъэхьажам дигъэгушхуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: видеор щытетхым адыгэ фащэхэр тщыгъыну тедухуати, абыкІэ НакІэ Асльэн зыкъызэрытщІигъэкъуар.

Роксанэ оперэм, уэрэд жьІэным хуеджэныр къызэрыхихар благъэ-Іыхьлым зыхуахьыныр ямыщІзу, яфІэгъэщІэгъэун хъуауэ щытами, иджы абы и утыку итыкІэмкІэ нэрылъагъэщ ар зэрыщІымыуар. Музыкэ школым илъэсибликІэ аккордеоным еуэным зыхуэзыгъэсауэ щыта хъыджэбэ цІыкІум курыт еджапІэр хьакІощиухьм зэуэ и мурадхэр ихьуэжри, ГъуаздджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Батыр Мухьэдин и деж оперэм щыуагъэжну тегушхуат. Къапщтэмэ, еджапІэ нэхъыщхьэр кьимыуж щыкІи ар ирагъэблэгъащ КъБР-м и Музыкэ театрым щылэжьэну.

- Дакъикъэ зыщыплI хуэдиз зи кІыхьагъэ зы уэрэд жьІэнымрэ лІыхъужь гуэрым и гущІагъэщІэлъхэр цІыхум утыку къахуипхьэнымрэ, дауи, зэхуэдэкъым. Эстрадэ уэрэдхэм щыщ згъэзащІэу щытми, сэ иужьрейращ нэхъ спэгъунэгъур, нэгъэщІу жьІпІэмэ, спектаклим и жьІпхъэм иту, оперэ уэрэдкІэ цІыху гъащІэр адрейхэм я деж нэсхьэсыжьи нэхъ сфІэгъэщІэгъэнщ, купщІэ хэлъу кьызолъытэ, - жеІэ Роксанэ. - Оперэм еэым псэ хэлъщи, къодаІуэхэм я гум нэхъ урилъэІэсыфу кьысщохъу. Пэжщ, а унэтІныныгъэр гъуаздджэм и кьудамэ нэхъ гугъухэм ящыщщ,

Шэшэным и къалащхьэ Грознэ дэт «Олимпийский» спорткомплексым блыщхьэ кІуам щызэфІэкІащ Урысей Федерацэм атлетикэ хьэлъэмкІэ и чемпионатыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и штангистхэм абы дыжьым медалитІ къыщахьащ.

ТХЬЭМАХУЭКІЭ екІуэкІа къэралым и чемпионатыр хуабжьу уздзыхьэх хьуат. Коронавирус уз зэрыщІалэм и зэранкІэ зэман кІыхькІэ зэхьэзэхуэхэм хэмытыфа спортсменхэр хуэпІащІэрт я зэфІэкІыр здынэсыр ягъэлъэгъуэну. Абы папщІэ Грознэ кІалэм щызэхуэсат къэралым и штангист нэхъ лъэщ дыдэхэр.

ЯпэщІыкІэ дигъэгуфІащ Къаскъул Асльэн. Килограмм 73-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм абы дыжьын медалыр кьыщихьащ. Тэру бгъэдыхьэгъуэм ди лъахэгъум килограмм 309-рэ кьиІэтащ (144/165). Ар егъэсэ Щауэ МуІэед.

Къаскъулым зыкъыкІэригъэхуакъым нарткъалэдэс Марий Тимур. Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм - килограмми 109-м щигъуэхэм - я зэпеуэм абыи япэ увыпІэр щиубыдыным зымащІэщ иІэжар. Двоеборьем Тимур килограмм 372-рэ кьыщИэтащ, ауэ ар зыхуирикъуар дыжьын медалыращ. Марийр и гъэсэнщ тренер цІэрыІуэ Шэкэм Михаил.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Атлетикэ хьэлъэ

Дыжьыныр зи Іэрылъхьэхэр

ФокІадэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и Япэ гуп

Етхуанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 6
(тхъэмахуэ)
«Легион Динамо» (Махъэчкъалэ) - «Мэхъэчкъалэ» (Махъэчкъалэ)
СКА (Дон Іус Ростов) - «Кубань» (Краснодар)
«Краснодар-3» (Краснодар) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) «Форте» (Таганрог) - «ТІуапсы» (ТІуапсы)
«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Черноморец» (Новороссийск)
«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Интер» (Черкесск)
«ЕсэнтІыгу» (ЕсэнтІыгу) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ)

Еханэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 12
(щабэт)
«Анжи» - «ЕсэнтІыгу»
ФокІадэм и 13
(тхъэмахуэ)
«ТІуапсы» - «Дружба»
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Форте» «Интер» - СКА
«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск»
«Динамо-Ставрополь» - «Кубань-Холдинг»
«Мэхъэчкъалэ» - «Краснодар-3»
«Кубань» - «Легион Динамо»

Ебланэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 19
(щабэт)
«Биолог-Новокубанск» - «Анжи»
ФокІадэм и 20
(тхъэмахуэ)
«Дружба» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
СКА - «ТІуапсы»
«Краснодар-3» - «Кубань»
«Кубань-Холдинг» - «Мэхъэчкъалэ»
«Черноморец»- «Спартак-Налшык»
«ЕсэнтІыгу» - «Динамо-Ставрополь»
«Легион Динамо» - «Интер»

Еянэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 26
(щабэт)
«Мэхъэчкъалэ» - «ЕсэнтІыгу»
ФокІадэм и 27
(тхъэмахуэ)
«ТІуапсы» - «Легион Динамо»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - СКА
«Интер» - «Краснодар-3»
«Анжи» - «Черноморец»
«Динамо-Ставрополь» - «Биолог-Новокубанск»
«Кубань» - «Кубань-Холдинг»
«Форте» - «Дружба»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
ЕпщыкІущанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 5
(щабэт)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Тэрч» (Тэрч)
«Бахъсэн» (Бахъсэн) - «Налшык» (Налшык)
«Малка» (Малкэ) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтІуанэ)
«Урыху» (Урыху) - «Инал» (Къэрэгъэш)
ФокІадэм и 6
(тхъэмахуэ)
«Ислъэмей» (Ислъэмей) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)
«Энергетик» (Прохладнэ) - «Шэрджэс» (Шэджэм)
«Родник» (Псынэдахэ) - «Спартак-Д» (Налшык)
«Къундетей» (Шэджэм ЕтІуанэ) - «ХьэтІохъущыкъуей» (ХьэтІохъущыкъуей)

ЕпщыкІуплІанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 12
(щабэт)
«Тэрч» - «Бахъсэн»
«Инал» - «Къундетей»
«ЛогоВАЗ» - «ХьэтІохъущыкъуей»
ФокІадэм и 13
(тхъэмахуэ)
«Шэджэм-2» - «Родник»
«Шэрджэс» - «Малка»
«Налшык» - «Энергетик»
«Ислъэмей» - «Нарт»

● Футбол

АдэкІэ къапэплъэр сыт?

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - 0:2 (0:2). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэ1Іум и 29-м. Цыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Колтунов (Дон Іус Ростов), Мирошник (Ставрополь), Магомедов (Мэхъэчкъалэ).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Мэкъуауэ, Шаваев, КІэдыкІуей, Ольмезов, Ашу (Бахъсэнокъуэ), 65), Хьэшыр, Джатэрыв (Дэхъу, 65), Пащты, Іэпщацэ, Гугуев (Бацэ, 80).

«**Кубань-Холдинг**»: Делинькин, Догузов, Бугаев, Хрипков, Цховребов, Заикин, ДыщэкІ, Цимбал, Никитин, Синявский, Пилиев.

Топхэр дагъэкІащ: Синявскэм, 29 (0:1). Заикиным, 42 (0:2).

Дагъуэ къыхуащІащ: Джатэрывэм, Шаваевым, Гугуевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым мы гъэм къыхыхьа Павловскэм и «Кубань-Холдинг» командэщІэр щэбэт блэкІам Налшык къэкІуат пэщІэдзэ джэгуГуэщым очкоибл щызыІэрагъэхьарэ бжьыпэр зыІыгъ Краснодар и «Кубань»-м къызэрыкІэрыху щІагъуэ щымыІэу. Ар езыгъэблэгъа «Спартак-Налшыкым» и Іуэхур абы кэудкІэ къыщхьэщыкІыт. Турнир таблицэм зи ныдэ командит фІэкІа кІымынэжа ди щІалэхэр, иджыри къэс зы очко закъуэ къахьауэ, зэхьэзэхуэм и гупкІэм пыст.

Щэбэтым зэхэта зэІущІэм зыми зригъэхъуэжакъым. Зэгуэрым премьер-лигэм щыджэгуа «Спартак-Налшыкым» и цІэм фІэкІа къызэрыхэмынэжар псынщІэу къызыгурыІуа «Кубань-Холдинг»-м и футболистхэм мыгувэу тепщэныгъэр джэгуПІэ губгъуэм щызыІэрагъэхьащ икІи, зэІущІэм и япэ Іыхьэм и кІэуэм кьуриубыдэу, хэгъэрейхэм топитІ худагъэкІри, зыкъагъэбыдэжащ. Павловскэ станицэм кьикІахэм текІуэныгъэр къахуэзыхь бжьыгъэр тыншэу яхъумэфащ икІи я лъахэгъу «Кубань»-м адэкІи я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу зэхьэзэхуэм кьыщынащ.

«Спартак-Налшыкым» и Іуэхухэр иджы нэхъ хэплъэгъуэж хъуащ. Ар турнир таблицэм кьащыкІэрыхуэхэм ящыщ зым и закъуэкъым, атІэ зи джэгукІэр мыхьэнэншэ гупщ. ЖыІэну урикъунщ пэщІэдзэ джэгуГуэиплІам ящыщу 3-м абы я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэр зэи зэрыхимыгъэщІэфар. ТІэу кьудейрэщ абы кьыпэщІэтахэм я жагъуэ зэрищІыфар. Ауэ щыхьуКІи, а топитІыр зыхудигъэкІа «Краснодар-3»-м и жэуапыр нэхъ тКІиижт икІи, нэхъыбэж къыхудихури, кьыхигъэщІащ. А псом ищІыІужкІэ Ставрополь къалэм щыІэу щІыпІэ «Динамо»-м бжьгъэшхуэкІэ кьыхигъащІэри, Урысей Федерацэм и кубокыр кьэхьыныр теухуа зэпеуэм псынщІэ дыдэу къыхэкІащ. Абыхэм къаІэлъагъуэ ди командэр зэхьэзэхуэм зыкІи зэрыкъуэмыкьэзырыр. Нэрылъагъущ мыхьэнэншэу зыкъыщагъэльагъуэу. епщыкІущанэ увыпІэм фІэкІа къащыхуэмыхьа 2019 - 2020 гъэхэм щыІа зэпеуэм елъытагъэ зыкІи нэхъыфІ зэрымыхъуар, уеблэмэ я зэфІэкІхэм зэрыкІэрагъэхуар - иджыпсту епщыкІутхуанэхэщ.

Премьер-лигэмрэ япэ дивизионымрэ щыджэгуахэу Джатэрывэ Къазбэч, Пащты Руслан, Мэкъуауэ Залым, Гугуев Магомед сымэ, нэгъэщІхэми кьыщагъэзэжым дыщыгугъат «Спартак-Налшыкым» псэщІэ къыхьыхьжыну. Арщхьэкіэ...

Гупым хуабжьу зэхещІэ и капитан, гъуащхьэтет Іэзэ Щоджэн Борис зэрахэмытыжри. Зэхьэзэхуэм щІидзэным кьэнэжа щымыІэу фэбжь игъуэта иужькІэ, ар зыхъуэжа Антипов Антон и кьалэнхэм зэрыпэмылъэщыщэри нэрылъагъущ. Абы гупыр кьригъэшІын дэнэ къэна, и зэранкІэ топ зыбжанэ кьыщыхудагъэкІаи къэхъуащ.

«Спартак-Налшыкым» и тренер гупым икІэщІыпІэкІэ Іуэхур зэтрамыгъэувэжу хъунукъым. ЗэІущІэм я нэхъ гугъухэр абыхэм кьащыпэщылъыр дяпэкІэщ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыкІыр къэралпсо утыкум зэрыщІэлъыр я гъэсэнхэм пкгъэзыкІыпхъэщ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр зэрыщиІыгъщ къэщІэрэщІэжныгъэм и гъэзгу бгъуфІэм теува Краснодар и «Кубань»-м. ПэщІэдзэ джэгуГуэуплІми ар щытекІуащ икІи а лъэхъэнэм кьриубыдэу я хьэрхуэрэгъуэхэм топ 14 яхудигъэкІащ. Апхуэдэ зэфІэкІ зиІэ зэкІэ етІуанэ дивизионым и Япэ гупым хэтхъуам. Краснодардэсхэм иужьу хагъэщІащ ди командэм зэгуэрым и тренер нэхъыщхьэу щыта Ешыгу Сэфарбий зи пашэ Мейкъуапэ и «Дружба»-р. 2:0-у текІуа «Кубань»-м и етІуанэ топыр дзэыгъэкІащ Дугуф Іуфр Азэмэтщ.

Адэкіэ щыгъуазэ фьхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ мэремымрэ щэбэтымрэ зэхэта джэгуГуэм кьрикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1:1**, «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:2**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:0**, «**ТІуапсы**» (ТІуапсы) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **1:2**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **2:0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**ЕсэнтІыгу**» (ЕсэнтІыгу) - **1:0**. «**Интер**» (Черкесск) - «**Форте**» (Таганрог) зэІущІэр щекІуэкІар дыгъуэпшыхьэ.

ФокІадэм и 6-м кьыкІэлъыкІуэ джэгуГуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» ЕсэнтІыгу къалэм щыпІэ командэм щыІущІэнущ. Хэт ищІэн, иджырей зэхьэзэхуэм я япэ текІуэныгъэр ди щІалэхэм яІыгъ къыщахьынкІи хъунщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «**Кубань**»	**4**	**4**	**0**	**0**	**14-2**	**12**
2. «Кубань-Холдинг»	4	3	1	0	9-3	10
3. «Мэшыкъуэ-КМВ»	4	3	0	1	10-7	9
4. «Легион Динамо»	4	2	2	0	5-1	8
5. «Анжи»	4	2	1	1	7-6	7
6. «Краснодар-3»	4	2	1	1	5-4	7
7. «Черноморец»	4	2	1	1	3-2	7
8. «Динамо-Ставрополь»	4	2	1	1	5-5	7
9. СКА	4	2	0	2	4-4	6
10. «Форте»	3	1	0	2	4-3	3
11. «Интер»	2	1	0	1	4-5	3
12. «Биолог-Новокубанск»	3	1	0	2	4-6	3
13. «Мэхъэчкъалэ»	4	1	0	3	3-7	3
14. «Дружба»	4	1	0	3	2-9	3
15. «Спартак-Налшык»	**4**	**0**	**1**	**3**	**2-6**	**1**
16. «ЕсэнтІыгу»	3	0	0	3	1-5	0
17. «ТІуапсы»	**3**	**0**	**0**	**3**	**4-11**	**0**

ШЫФЭКЪУЖ Данэ и усэхэр

ЦІыху

Мы дунейр зэшыгъуэщ языныкъуэм.
Дунеижьым кэудрэ согупсыс;
Хуэмыщ1ауэ нобэ си гур ныкъуэм
ГурыфІыгъуэ гуапи къыпльмыс.
Жэщыр зыхумэ, къотІысхьэж мазэщІэр,
Пщэдджьыжьыпэм дыгъэр къыщІопсыж.
Къеблэгъамэ, лъахэм илъэсыщІэр,
Гъэ блэкІар, арати, ныщІелъхьэж.
Жэщи махуи емызэшІ толъкъунхэр,
ПсыІум ахэр кэудрэ йоныкъуэкъу:
Мывэ джей псыхьахэм къыдэкІыну
Кэудрэ къохьу толъкъунхэр щыхуущІэкъу.
ЙокІуэтыж толькъунхэр езэшауэ.
Псыр, губжьати, кьигъэнакъым лъэкІ...
Дунейм тетхъым цІыхум хуэдэу зэуэ
ЕрыщагъкІэ кэуд зыхуэзэфІэкІ.
КъущІишынщ къумыщым дагъэ фІыцІэр,
ЩигъэкІынщ пшахъэущІым гъавэ бэв.
Ауэ цІыхур кэудрэ и цІыхуцІэр
Щогъупщэжри, бампІэ кэуд егъэв...
Мы дунейр зэшыгъуэщ языныкъуэм.
Дунеижьым кэудрэ согупсыс:
ЩІхьэ зиІэжрэ зыри хуэмыныкъуэм?!
ЩІхьэ фІэкІуэдрэ лъахэм и нэмыс?!
ЩІымыІэжу хьэ зэрышхи, дауи,
Хуэмыщ1ажьм къахуимыхуэу щыгъ,
Ныщ1алъхьэжу тхьэмыщкІагъи гуауи
ЩІхьэ мыхъужрэ цІыхухэр зэрыІыгъ!

Уи деж

Сэ сфІэфІт си усэр кэудрэ мылІэжьну.
Сэ сфІэфІт ар хъуну мыкІуэдыж фэеплъ.
Ихумэ ТхьэшхуэмсэсыщІалъхьэжыну,
Усэ сатырхэм къыпхуаІуатэм еплъ...

ГурыщІэ мафІэм ипсыхьащ си усэр.
Усэ сатырхэм псэуэ хэлъыр уэрщ.
Уэ уи цІэ згъафІэу дыгъэ бзийм и гъусэр
Лыдыжу нобэ си усыгъэм хэлъщ.

Зы махуи гъащІэр къысщыхъуакъым
псысэу.
ГуфІэгъуи гуауи сэ сиплъащ я нэгу.
Сэ жэщи махуи узИащ гупсысэу,
Усыгъэ шырхэр иэзгъэху уанэгу.

Усэ сатырхэм хьэрфу къущыгІэпІыр
Си гущІэ мафІэм кэудрэ къегъэнэху.
Ужьыкъжьыкъым си гурыщІэ-дэпыр,
Мы дуней нэхур нэхэм къыщІэпсэху.

Дакъикъэ ябгэр къыщыса уахъытыми
Сэ срелІэж, пимыщэу махуэ лей, -
Мы дунеишхэум гурыфІыгъуэу щыІэм
Сэ зыдэсхьынущ я нэхъ Іыхьэ лей:

Зэманыр уэркІэ хъункъым гущІэгъуншэ.
МылІэжьыныпсэ сэ къысфІощІыр пхэлъ.
ПсэуэукІэ усэр, уэ ухъунщ уахъытыншэ,
Ухъунщ уэ нобэ мыкІуэдыж фэеплъ.

Гумрэ налкъутымрэ

Щегъэпщкіу тенджызым сакъыу и псы
лъащІэм
Налкъутналмэсыр хъуауэ илъэс куэд.
Сэ уигу щыпІэр къызолъыхъу
игъащІэм.
Къэхъуащ лъэужьхэр куэдрэ
щысфІэкІуэд.
Я гугъэр, гуфІэр хъуауэ жэуапынщ,
ЦІыхухъуэхэм куэдрэ сэ слъэгъуащ
я нэпс.
КъысфІощІ а нэпсэр хъуауэ ажалынщэ,
Налкъутналмэсу хуэдэщ псым къыхэпс.
Сэ куэдрэ, куэдрэ къэслъыхьащ уэ
уи гур,
Сэ къалэу, къуажэу щІэсщыкІари мыз.
СфІадыгъури уи гур, хъуащ зеиншэ
щІыгур,
Сыхъуащ жеиншэ, сыхъуащ
къулейсыз...

Дыгъэ къуэмыхьэж

Мы сыхьэтыпщІэм гур екъуэшр гуауэм.
Ар тепыІэншэу гуфІэм ныщІохъуэпс.
Нэхуншэ мащэм хуэдэщ сыщыбаужм,
КъэкІуэнум си гур поплъэ и дыгъэпс.

Мы сыхьэтыпщІэм сэ сыхуейщ
нэгъэщІым
И псалъэ гуапэ, и гулъытэ нэс.
Насыпу щыІэм сыщІобэг я куэщІым,
Ар хъунут занщІэу Тхьэшхэм къызипэс.

Гупсысэ жагъуэу мы дунейм щызеуэр
Акъылым нобэ хуэмурэ ехьэж.
ЛІэжынщ шэчыншэу схуэмыгъэв
си гуауэр,
Хъужынщ си дыгъэр куэдрэ къуэмыхьэж.

Арами зэкІэ схуемыгъэх си гуауэр,
ЗэІущІэ гуапэр зикІ къысхуэмыгъэс...
Къыхоплъ кІыфІыгъэм схуемыгъэх
гукъанэр,
Къыщос си гущІэм щІимыгъачэу уэс.

Гурыщхъуэ

Уэ тенджызым сакъыу сыщохъумэ.
Сыщохъумэ гуауэм, уемызэш.
Жэщ маззэхэу гъуэгу сытехьэ хъумэ,
Батэкъутэр къохьуэ уэ щыбгъэш.
Уэ ухуэдэщ плъырым. Жэщи махуи
Зы дакъикъэ нэхэр стумыгъэкІ.
Мы дунейм ущимыІэж зы Іуэхуи -
Псэ лъэхъэущым ибгъэлІыхьым фІэкІ.
Сыщохъумэ лъагъуныгъэм, дыгъэм,
Губгъуэ хуитым икъуэка накъыгъэм,
ГурыфІыгъуэм, ныбжьэгъугъэ къабзэм,
Кьуалэбзу жыгыщхьэм щыбзэрабзэм...
Псори хъуащ гурыщхъуэм Іэщ1эмыкІ,
Хъуащ си гъащІэр уи бэлыхь хэмыкІ.
Псэр нысуолІэ гурыфІыгъуэ нобэ.
Псэм и гуфІэр гуауэм къыпегъэщ.
О, дэ ди Тхьэ, къыумыхьажу тобэ,
Гъэсэхьж къэмынэу зы лъэхъуэщ!

Дуней щхьэлыжь

Укъызоплъ мычэму, уи гур мэгъу.
Уи гуращэм дахэ куэд къегъэщІ.
Ауэ Тхьэшхуэм ар къысхурегъэгъу:
Сэ мычэму согупсыс нэгъуэщІ.
ЩІыІэ уаем Іэхэм ущыщІэпщи,
Си дамащхьэм щытебгъэхуи уэс,
ЩыгъэмахуиущыщІымахуэ жьапщи
ЖэуапынщІу сэ си гущІэр мэс.
Гум и щІасэр йогупсыс нэгъуэщІым,
Сэ къысфІощІ нэгъуэщІым ар итхьэкъу...
ЦІыхум и псэр мы дуней ныкъуэщІым
Куэдрэ къохьу насыпым щыхущІэкъу.
ГущІэгъуншэщ мы дуней
щхьэлыжьыр, -
Псэр зыхуейр лъэныкъуэ ирегъэз.
КъыщІэлъэлъу гуныкъуэгъуэ гуауи
ЩхьэІ мывэжьыр куэдрэ мэджэрэз.

Къэсхьыжынт тобэ

Си кІэн къикІамэ - ар мычэму лІыгъэт.
Театр утыкуу сэ къысфІэщІт дунейр.
ЛІыхъужь нэхъыщхьэу сэ сыджэгу
си гугъэт...

Ситащ утыкум сщІэуэ сызыхуейр.

Дакъикъэ закъуэу псэр зыщыгуфІыкІым
Сэ еш сымыщІэу сыщІэтащ и дыгъэм.
Сэ сахэтакъым шынэ уз зэфыкІым -
Сэ куэдрэ мафІэм сыхэтащ и лыгъэм.

Къуаншагъэ псори сэ къызощтэ нобэ,
Сэ чэфыжьыпкъэм сыкъыхэкІ нэхъей.
**Си гугъэ лъапІэщ